



Pou Piblikasyon Imedya: 15/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU CHALÈ EKSESIF JISKA MÈKREDI

Konsèy sou chalè yo pibliye pou Vil New York, Long Island, Mohawk Valley, Mid-Hudson, Rejyon Kapital la ak Southern Tier

Li sanble tanperati yo ka depase 100 degre lendi ak madi

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou chalè eksefif ak gwo imidite ki gen enpak sou Eta a ke yo prevwa k ap kontinye jiska mèkredi. Tanperati nan lendi ak madi yo gen anpil chans pou pote sansasyon danjere tankou tanperati ant 95 - 104 atravè tout Eta a. Vil New York, Long Island, Mohawk Valley, Southern Tier ak Mid-Hudson gen tou yon risk majinal pou gwo loraj lendi apremidi rive lendi aswè.

Konsèy sante sou kalite lè pou ozòn yo anvigè tou pou Vil New York ak Long Island nan lendi soti 11 a.m. rive 11 p.m. Tanpèt loraj grav izole posib tou nan Rejyon Kapital la ak Southern Tier nan madi. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, konsèy ak dènye previzyon metewo yo, vizite [sit entènèt Sèvis Metewolojik Nasyonal](#) la (National Weather Service, WNS).

"Nouyòkè yo ta dwe pran tout prekosyon pou yo rete fre epi rete an sekirite paske konbinezon gwo tanpèt, chalè, ak imidite pral reprezante yon gwo risk sante," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje Nouyòkè yo rete idrate, pwofite aksè gratis nan pisin nan bèl Pak Eta nou yo, epi planifye davans pou yo rafrechi pandan tan sa a."

Pisin ak plaj nan Pak Eta New York yo disponib pou naje. Gouvènè Hochul te anile frè antre nan pisin Pak Eta New York ete sa a. Anvan yo fè yon vwayaj, vizitè yo ta dwe rele davans nan pak yo planifye vizite a oswa tcheke [sitwèb la](#) pou nenpòt mizajou paske move tan ak kondisyon dlo ka afekte sityasyon pou naje yo. Mizajou sou sityasyon pak yo disponib tou sou aplikasyon mobil gratis Parks Explorer Eta New York pou aparèy iOS ak Android.

Ou ka kalifye pou yon inite èkondisyone gratis. Pwogram Asistans Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP) ka bay yon inite èkondisyone pou fanmi ki elijib pou revni ki gen ladann yon moun ki gen yon pwoblèm medikal ki jistifye ke chalè ekstrèm ka agrave oswa fanmi ki gen timoun piti oswa granmoun aje. Y ap aksepte aplikasyon yo jiskaske finansman fini. Pou plis enfòmasyon, vizite sitwèb Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) oswa kontakte biwo lokal ou pou moun ki aje nan 1-800-342-9871.

Ou ka jwenn enfòmasyon sou sa w ka fè pandan move tan cho sou [sitwèb chalè ekstrèm Depatman Sante](#) (Department of Health, DOH) a. Ou ka lokalize tou [sant refwadisman yo toupre w isit la](#).

Kèlkeswa laj ou, kalite fòm ou genyen, oswa ki kondisyon sante ou genyen, danje ki genyen nan chalè ekstrèm ka afekte tout moun. Kò a travay di plis pou kenbe yon tanperati nòmal pandan chalè ekstrèm epi, san yo pa pran mezi apwopriye, sa ka mennen nan maladi ki gen rapò ak chalè oswa menm lanmò.

Gwoup ki gen plis risk yo se:

- Moun ki travay deyò oswa andedan kay san èkondisyone
- Adilt ki gen laj 60 ane ak plis
- Tibebe, timoun ak moun ki ansent
- Moun ki gen kondisyon sante kwonik
- Sila yo ki gen andikap fizik ak koyitif
- Sila yo ki pa gen aksè ak èkondisyone
- Moun k ap viv poukont yo oswa ki san lojman
- Atlèt
- Bèt konpayi ak bèt sèvis
- Moun k ap viv nan vil yo paske asfalt ak beton yo chofe pi lontan epi degaje chalè pi dousman nan mitan lannwit. Sa a pwodui tanperati lannwit ki pi wo epi yo rekonèt yo kòm "efè zile chalè vil la."

Pa janm kite timoun ak bèt domestik yo san sipèvizyon nan machin cho. Gen yon danje reyèl epi grav lè w kite timoun oswa bèt kay san sipèvizyon nan yon machin menm lè yo pa "sanati" tanperati a cho. Nan 60 degre deyò, apre jis yon èdtan yon machin fèmen ka chofe jiska 105 degre.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)